



Plan Aksyon ak Konsepsyon Pwogram CDBG-DR pou Siklòn IDA

Dawout 2022

Rezime Plan Aksyon CDBG-DR pou Siklòn IDA

Dokiman sa a bay yon rezime sou enfòmasyon enpòtan yo, tankou enfòmasyon enpòtan pou aplikan potansyèl, ki gen nan kad Plan Aksyon pou Rekonstri aprè Siklòn Ida nan Eta New York lan (Community Development Block Grant-Disaster Recovery Action Plan), tankou:

- Enpak Katastwòf lan
- Bezwen ki pa respekte aprè katastwòf lan
- Bezwen nan kesyon diminisyon risk nan zòn ki sinistre yo
- Pwogram yo Pwopoze, tankou bidjè ak kondisyon elijiblite yo

Anplis, dokiman sa a bay piblik lan enfòmasyon sou:

- Peryòd Konsiltasyon Piblik pou Plan Aksyon an
- Odyans Piblik yo sou Plan Aksyon sa a, tankou kijan pou fè demann entèpretasyon, èd oksilyè, entèprèt lang siy, oswa asistans espesyal pou odyans yo
- Kijan pou fè demann tradiksyon oswa entèpretasyon oral sou Plan Aksyon ak lòt dokiman yo

Pou fè demann tradiksyon Plan Aksyon an okonplè, tanpri voye imèl nan info@stormrecovery.ny.gov, oswa rele nan **1-844-694-7163** pou lang chinwa oswa ris, oswa nan **1-855-NYS-SANDY (855-697-7263)** pou lòt lang yo, epi mande reprezantan an pou gen yon entèprèt. Yo bay sèvis entèpretasyon ak tradiksyon gratis.

Plan Aksyon CDBG-DR pou Siklòn Ida

Plan Aksyon Eta New York ane 2022 pou Rekonstriksyon aprè Katastwòf dekri plan New York gen pou depanse \$41,262,000 nan fon Community Development Block Grant-Disaster Recovery (CDBG-DR) Depatman Lojman ak Devlopman Iben (Housing and Urban Development, HUD) peyi Etazini te distribiye pou sipòte jefò rekonstriksyon alontèm apre Siklòn Ida (FEMA DR-4615).

Gras ak Plan sa a ak aktivite ki dekri ladan li an, Biwo Gouvènè a pou fè Rekonstriksyon (Governor's Office of Storm Recovery, GOSR) ap fè jefò pou ede kominote nan Eta New York ki afekte yo epi fè rekonstriksyon pèt ki fèt sibi pandan Siklòn Ida yo, epitou pou ranfòse epi prepare popilasyon ak kominote ki plis frajil ki gen nan New York yo pou lòt katastwòf yo. Plan sa a bay detay sou fason yo pral

distribye fon yo pou yo ka reponn ak sa ki rete pou fèt yo nan zòn ki afekte pandan moman katastwòf yo nan konte Dutchess, Nassau, Orange, Rockland, Suffolk ak Westchester.

Dat enpòtan	
Peryòd Kòmantè Piblik lan sou Plan Aksyon an	29 dawou 2022 pou rive 28 septanm 2022
Odyans Piblik an pèsòn	08/09/2022
Odyans Piblik Vityèl	13/09/2022
Apwobasyon HUD y ap tann	Pou pita novembre 2022
Pwogram Sansibilizasyon pou Aplikan	Otòn 2022
Pwogram Aplikan Peryòd Aplikasyon	Prentan 2023 (Pou Konfime, TBC)

Apèsi Enpak Katastwòf lan & Bezwen yo pa Reponn

Siklòn Ida touche tè antanke Siklòn Katwori 4 epi li te touche New York Premye (1) septanm 2021. Li te pwovoke inondasyon san parèy ki te depase 3 pou laplis chak inèdtan epi yo te estime li te fè anviwon \$7.5 pou rive 9 milya dega nan New York. Gouvènman ki nan rejyon ansanm ak òganizasyon kominotè yo te mete aksan sou kominote ki te gen plis dega yo epi ki te gen plis difikilte pou yo fin retabli kote ki gen gwo dansite nan popilasyon ki frajil yo, tankou minorite yo, granmoun aje yo, moun ki gen konpetans limite nan lang anglè a ak rezidan ki gen revni ki ba ak modere yo.

GOSR te prepare yon Evalyasyon sou Bezwen ki pa Reponn yo pou li evalye bezwen sou rekonstriksyon Ida ki rete yo apre li fin kalkile lòt fon rekiperasyon Ajans Federal Jesyon ka Ijans (Federal Emergency Management Agency, FEMA) ak Administrasyon Ti Biznis peyi Etazini (Small Business Administration, SBA) te bay yo. Etandone kesyon Lojman an reprezante pi gwo kategori nan bezwen yo pa reponn ak yo an, yo te kreye Pwogram GOSR yo pou pwoteje lojman Piblik ak Bon Mache, pou bay lokatè ki afekte yo garanti y ap gen yon lojman apwopriye, epi reponn ak bezwen reparasyon lojman ki rete yo pou pwopriyetè kay ki gen revni ba ak modere, kidonk se moun moun ki vilnerab yo ansanm ak kategori moun ki pwoteje nan zòn katastwòf la yo espere ki pou benefisye sa.

Estimasyon Enpak, Sipò ak Bezwen yo pa reponn ak yo				
Rezime sou Enpak yo/Sipò	Lojman	Enfrastrikti	Ekonomi	Total.
Montan ki Estime pou Enpak lan	89 103 849\$	8 933 625\$	35 110 883\$	133 147\$

Montan Finansman ki Disponib nan FEMA ak SBA	60 065 580\$	8 637 225\$	13 748 278\$	82 451 083\$
Bezwen yo pa Reponn ak yo (Enpak - Finansman Disponib) + Depans Reyabilitasyon	42 403 846\$	815 808\$	26 898 537\$	70 118 191\$
Total Pousantaj Bezwen yo Pa Reponn Ak Yo	60,47%	1,16%	38,36%	100,00%

Evalyasyon sou Bezwen nan Kesyon Diminisyon Risk

GOSR te prepare yon evalsyon sou risk yo pou idantifye pi gwo bezwen ki genyen nan kesyon diminisyon risk nan zòn ki sinistre yo. Pou prepare Evalyasyon Bezwen sa a nan kesyon Diminisyon risk lan, GOSR te revize enfòmasyon sou danje ak risk ki gen sou MitigateNY pou tout Eta New York lan ansanm ak sis (6) konte katastwòf lan yo te deklare ki sinistre pou benefisyè Asistans Endividyèl HUD te kalifye ki “plis afekte ak katastwòf lan” oswa Eta a.

Angwo, analiz sa a idantifye dlo ak inondasyon ki fèt antanke risk ki plis enpòtan pou konte yo deklare ki sinistre yo. Jefò sou diminisyon risk ki konsantre sou rediksyon enpak inondasyon an epi asire gen kontinite nan entèvansyon enpòtan ki pral gen yon pi gwo enpak sou sekirite ak reyabilitasyon zòn lan. Etandone bezwen sa a asosye dirèkteman ak kalite evènman difisil ou viv pandan moman Siklòn Ida a, GOSR ka pwofite sibvansyon sa a pou li ogmante investisman ki konsantre sou diminisyon risk ak fon sibvansyon sa yo pou reyalize toude objektif li gen sou diminisyon risk ak retablisman alontèm aprè dega siklòn yo.

Plan an te pwopoze de (2) pwogram pou abòde bezwen diminisyon risk ki gen nan zòn katastwòf la— Inisyativ pou fè Reyabilitasyon Dirab nan Lojman Bon Mache epi fè Investisman Dirab atravè Sipò ak Finansman Kapital—epi anplis pwopoze pou itilize fon planifikasyon yo pou sipòte jefò benefisyè segondè yo chwazi pou fè etid sou posibilite ak jeni ki ka enflyanse konsepsyon ak finansman pwochen amelyorasyon dirab kominote a.

Pwogram Reyabilitasyon aprè Katastwòf

Tablo sa a fè rezime sou tablo pwogram ak bidjè GOSR pwopoze yo:

Kategori Pwogram	Pwogram	Bidjè	Bidjè MID HUD idantifye	Bidjè MID Benefisyè Sibvansyon an idantifye	% Alokasyon	Montan Maksimòm	Objektif Nasyonal	Estimasyon Rezilta
Lojman	Reyabilitasyon	8 171 250\$	7 848 750\$	322 500\$	20%	50 000\$	LMI/UN	262 kay
	Racha	0\$	0\$	0\$	0%	0\$	Pa disponib	Pa disponib

Relans Ekonomik	Nouvo Konstriksyon	0\$	0\$	0\$	0%	0\$	Pa disponib	Pa disponib
	Lòt	18 780 000\$	18 360 000\$	420 000\$	45%	100 000\$	LMI/UN	400 lokatè
	Fòmasyon pou Travayè yo	0\$	0\$	0\$	0%	0\$	Pa disponib	Pa disponib
	Sibvansyon pou Biznis	0\$	0\$	0\$	0%	0\$	Pa disponib	Pa disponib
Enfraztrikti	Lòt	0\$	0\$	0\$	0%	0\$	Pa disponib	Pa disponib
	Amelyorasyon Dlo/Two Rego	0\$	0\$	0\$	0%	0\$	Pa disponib	Pa disponib
	Etablisman Sante	0\$	0\$	0\$	0%	0\$	Pa disponib	Pa disponib
	Lòt	0\$	0\$	0\$	0%	0\$	Pa disponib	Pa disponib
Sèvis Piblik	Sèvis Legal	0\$	0\$	0\$	0%	0\$	Pa disponib	Pa disponib
	Konsèy nan kesyon Lojman	0\$	0\$	0\$	0%	0\$	Pa disponib	Pa disponib
	Lòt	0\$	0\$	0\$	0%	0\$	Pa disponib	Pa disponib
	Rediksyon Risk	9 000 000\$	7 150 000\$	1 850 000\$	22%	3 000 000\$	LMI/UN	25 pwojè
Admin	Admin	2 063 100\$	1 650 480\$	412 620\$	5%	0\$	Pa disponib	Pa disponib
Planifikasyon	Planifikasyon	3 247 650\$	1 833 180\$	1 414 470\$	8%	0\$	Pa disponib	Pa disponib
Total.		41 262 000\$	36 842 410\$	4 419 590\$	100%			

Ankourajman pou Lojman Dirab pou Lokatè yo

Bidjè

18 780 000\$

Deskripsyon Pwogram lan

- Pwogram nan ankouraje lokatè yo pou yo chanje lojman ki pa estanda epi/oswa siklòn lan fè dega ladan yo pandan y ap rete nan kominote aktyèl lan pandan y ap resevwa asistans pou kouvri ogmantasyon ki gen na depans lojman chak mwa ak lòt depans ki gen rapò ak demenajman.

- Pwopriyetè ki gen youn (1) jiska kat (4) pwopriyete pou lwe yo ka resevwa èd tou pou amelyore kondisyon ak kapasite pou reziste kont inondasyon nan pwopriyete yo an sèlman si yo pran angajman pou jere nivo pri ki pi ba a aprè yo fini. Se kontraktè GOSR ap jere yo k ap fè travay yo. Yo pral bay aplikan lokatè yo priyorite nan pwosesis tretman an pa rapò ak pwopriyetè yo.

Aplikan ki Elijib yo

- Kay lokatè nan konte yo te deklare gen katastwòf yo ki gen revni ki egal oswa mwen pase 80% revni mwayen zòn (LMI) epi yo te fè demenaje pou plis pase 12 mwa, oswa ki te swete demenaje, akòz dega Ida fè yo. Anplis, omwen dwe genyen yon (1) moun nan fwaye an ki se yon sitwaye ameriken oswa yon rezidan legal nan peyi Etazini.
- Pwopriyetè ki gen youn (1) jiska kat (4) pwopriyete ki gen gen apatman pou lwe yo ki nan konte kote yo te deklare ki gen dega yo se Sitwayen Ameriken oswa rezidan legal peyi Etazini ki pran angajman pou rezève pou pi piti 75% nan inite yo pou lwe ak moun ki gen revni pa ba - epi ki gen revni modere yo pou yon peryòd ki pa mwens pase de (2) ane aprè pwojè a fini.

Pri

- Prim demenajman inisyal 18 mwa asistans pou peye lwaye pou kay pou fanmi yo te deplase yo, ak 12 mwa asistans pou peye lwaye pou moun ki pral demenaje yo. Pwosesis ki gen rapò ak difikilte pèmèt benefisyè yon asistans adisyonèl pou peye lwaye jiska \$100,000 oswa ekivalan 42 mwa asistans pou peye lwaye.
- Asistans pou pwopriyetè ki elijib yo ka rive jiska \$125,000 pou chak inite ki gen moun ladan yo, selon bezwen an.

Reyabilitasyon ak Ranbousman pou Lojman Ida yo

Bidjè

8 171 250\$

Deskripsyon Pwogram lan

Pwogram Reyabilitasyon ak Ranbousman pou Lojman Ida yo bay asistans pou fè reparasyon nan kay kote pwopriyetè a abote a epi siklòn lan te fè dega yo. Anplis, Pwogram lan prevwa mezi andedan kay pou amelyore kapasite rezistans kont inondasyon epi diminye risk pou gen lòt inondasyon nan kesyon kondisyon lavi, tankou mezi pou ogmante wotè enstalasyon mekanik, diminisyon risk pou enstalasyon elektrik ak plonbri, bouch drenaj ak sistèm ki anpeche retou dlo.

Aplikan ki Elijib yo

- Pwopriyetè kay ki nan yon konte yo te deklare ki sinistre ki gen rezidans prensipal se youn (1) oswa de (2) inite epi te gen dega nan byen imobilye an kote se siklòn lan kii lakòz sa.
- Pwopriyetè kay lan dwe genyen yon tit pwopriyete ki tout pare ki gen rapò ak kay lan.

- Omwen dwe genyen yon (1) moun nan fwaye an ki se yon sitwaye anmeriken oswa yon rezidan legal nan peyi Etazini.
- Revni kay la egal oswa mwens pase 80% nan revni mwayen zòn (LMI) oswa yo konsidere antanke moun ki plis frajil yo. Yo pral bay aplikan LMI yo priyorite nan pwosesis tretman an.

Pri

Kantite lajan pou pi plis yon aplikan kapab jwenn se \$50,000. Aplikan ki pa te posibilite pou jwenn lòt fòm asistans pou rekonstri aprè katastwòf epi ki gen posibilite pou mete depans yo te fè yo sou papye anvan lansman Pwogram lan pou fè reparasyon ki elijib yo kapab resevwa yon lajan anplis pou pèman ranbousman yo jiska \$30,000 pou pi plis. Aplikan yo ka resevwa lòt èd jiskaske yo fin rekonstri kay la nèt depi aplikan an pa te gen posibilite pou li jwenn lòt sous asistans.

Inisyativ pou fè Rezistan nan kesyon Lojman Bon Mache

Bidjè

8 000 000\$

Deskripsyon Pwogram lan

Pwogram Inisyativ Rezistans Lojman Bon Mache bay fon CDBG-DR pou sipòte pwojè diminyon diminyon risk nan yon zòn espesifik ki pral amelyore rezistans nan kreyasyon lojman bon mache pou plizyè fanmi epi/oswa lojman piblik selon risk yo te idantifye oswa evènman ki toujou vini ak pèt. Finansman yo disponib gras ak Demann Pwopozisyon (Requests for Proposals, RFP) konpetitif ak afiche yo. Kritè klasman yo gen ladan yo preparasyon pou kontinye, nivo pri ak aksè, koneksyon ak bezwen pou diminye risk, minimize risk delokalizasyon ak koneksyon ki gen ak siklòn lan. Pwojè ki elijib yo se konstriksyon kont inondasyon yo, sistèm sekou, sistèm pou jere dlo yo ak Amelyorasyon sistèm Drenaj zòn lan.

Aplikan ki Elijib yo

Òganis lojman piblik, pwomotè pou lojman, asosyasyon ki pa la pou fè pwofi yo, oswa inite gouvènman lokal ki nan rejyon sinistre an.

Pri

GOSR ka bay sibvansyon jiska \$3,000,000 pou chak grenn pwojè, GOSR ka chwazi pou fè yon men leve nan montan prim maksimòm yo pou gwo pwojè enpòtan yo ka kontinye fèt.

Investisman Dirab yo gras ak Sipò epi Finansman

Bidjè

1 000 000\$

Deskripsyon Pwogram lan

Pwogram Envestisman Dirab yo gras ak Sipò epi Finansman bay fon CDBG-DR ak inite gouvènman lokal yo, òganis piblik yo oswa òganizasyon ki pa la pou fè pwofi yo nan objektif pou pwofite lòt sous finansman pou yo fini ak mizajou dirab y ap fè nan etablisman ak enfrastrikti piblik yo. Finansman yo disponib gras ak pwosesis konpetitif Notifikasyon Disponibilite Finansman (Funding Availability, NOFA). Kritè klasman yo gen ladan yo preparasyon pou kontinye, avantaj LMI yo ak moun ki plis frajil yo, koneksyon ak bezwen pou diminye risk, minimize risk delokalizasyon ak koneksyon ki gen ak siklòn lan.

Aplikasyon ki Elijib yo

Inite gouvènman lokal/Konte an; ajans ak dirijan Eta yo; lekòl piblik (K-12) ak inivèsite; premye moun ki pote sekou yo, tankou ponpye volontè yo ansanm ak etablisman EMS yo; òganis ki pa la pou fè pwofi ki sèvi kominote ki nan konte yo te deklare ki sinistre yo; oswa yon gwoupman youn nan sa ki site anwo yo.

Pri

GOSR ka bay sibvansyon jiska 200,000\$ pou chak grenn pwojè, GOSR ka chwazi pou fè yon men leve nan montan prim maksimòm yo pou gwo pwojè enpòtan yo ka kontinye fèt.

Peryòd pou Tout Moun Opinyon yo

GOSR te pibliye plan aksyon an okonplè sou <https://stormrecovery.ny.gov/> pou yon peryòd tan ki se 30 jou kote tout moun k ap bay opinyon yo apati 29 dawou 2022 rive 28 septanm 2022. Sitwayen yo te rive konnen gras ak kominike laprès ak deklarasyon dirijan piblik yo te fè, tankou palmantè eta yo ansanm ak kolektivite lokal yo.

Eta a pral resevwa kòmantè yo atravè kourye lapòs, nan imèl, oswa fòm anliy yo sou:

Lapòs: Governor's Office of Storm Recovery

60 Broad Street, 26th Floor

New York, NY 10004

Sitwèb: <https://stormrecovery.ny.gov/>.

Imèl: info@stormrecovery.ny.gov

Y ap di tout mizajou oswa chanjman ki fèt nan Plan Aksyon an gras ak kòmantè piblik lan klèman nan Plan an. Anplis, yon rezime sou kòmantè ki fèt sou Plan an oswa amannman enpòtan, ansanm ak entèvansyon ki koresponn ak sa yo pral ajoute yo nan DRGR ak Plan Aksyon an.

Odyans Piblik yo

Eta a pral fè de reyinyon odyans piblik pandan peryòd kòmantè piblik la. Objektif odyans piblik sa yo pral bay patisipan yo yon ti apèsi sou pwogram nan epi ba yo opòtinite pou yo poze kesyon sou pwogram nan ak sou itilizasyon lajan yo pwopoze a ak/oswa pwopoze altènatif.

Pral gen yon sèl odyans piblik an pèsòn nan Konte Westchester nan yon etablisman ki aksesib fizikman pou moun ki andikape yo. Yon dezyèm odyans piblik pral fèt nòmalmman.

Odyans piblik an pèsòn pral fèt nan konte MID Westchester jedi 8 septanm 2022.

Kote:

New Rochelle City Hall

515 North Ave

New Rochelle, NY 10801

6 :30pm

Odyans piblik vityèl ap fèt madi 13 septanm 2022 a 6:30 PM.

Enstriksyon pou rantre nan reyinyon an ak lyen reyinyon an ak yon nimewo apèl yo pral bay sou sitwèb la avèti piblik la sou peryòd kòmantè piblik ak odyans k ap vini an.

Moun ki bezwen entèpretasyon, èd oksilyè, ki gen ladan men pa sèlman yon entèprèt lang siy, oswa asistans espesyal nan odyans piblik yo ta dwe fè yon demann omwen swasanndis (72) èdtan davans evènman an. **Pou fè yon demann pa telefòn, kontakte 1-855-NYS-SANDY (855-697-7263) oswa voye yon imèl bay info@stormrecovery.ny.gov.**

Sit entènèt ak kontak

GOSR pral kenbe yon sit entènèt konplè konsènan tout aktivite rekipasyon pou katastwòf ki ede ak lajan sa yo. Sitwèb la pral mete ajou nan yon fason apwopriye pou reflekte enfòmasyon ki pi ajou sou itilizasyon lajan yo ak nenpòt chanjman nan règleman ak pwosedi yo, jan sa nesesè. Omwen, mizajou yo pral fè chak mwa.

Eta a pral bay plizyè metòd kominikasyon ki gen ladan, men pa limite a, sit entènèt piblik la, nimewo gratis, adrès imel, ak sèvis TTY ak relè pou bay aplikan yo pou asistans rekipasyon enfòmasyon alè pou detèmine sitiyoasyon aplikasyon yo.

Sit entènèt: <https://stormrecovery.ny.gov/>

Adrès Imèl: info@stormrecovery.ny.gov

Nimewo gratis: 212-480-2321

TTY: 212-480-6062

Anplis de sa bay aksè pou moun ki andikape yo, GOSR bay enstriksyon sou chanje paramèt lang yo nan navigatè entènèt popilè yo pou sipòte aksè siyifikatif pa moun ki gen Konpetans Angle limite (LEP) nan lang yo prefere. Ou ka jwenn enstriksyon yo nan chak paj sou sitwèb la epi yo tradui nan plizyè lang dapre Plan Aksè Lang GOSR la.